



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP ANONSE NOUVO ENSTRIKSYON KI PÈMÈT VWAYAJÈ KI SOTI NAN LÒT ETA YO POU "TESTE POU SOTI" NAN KARANTÈN 14 JOU KI OBLIGATWA A**

*Vwayajè yo dwe fè tès nan twa jou avan yo oteri nan New York, yo dwe mete yo an karantèn pandan omwen twa jou yon fwa yo rive, epi yo dwe fè tès nan katriyèm jou apre yo rive a*

*Si vwayajè yo resevwa yon tès negatif nan katriyèm jou karantèn lan yo gendwa soti nan karantèn lè yo resevwa rezilta negatif la*

*Eta ki vwazen avèk New York yo kontinye benefisye de egzonerasyon pou pwotokòl karantèn lan — Travayè esansyèl yo kontinye benefisye egzonerasyon tou*

*Vwayajè ki te deyò Eta a sèlman pou mwens pas 24 èdtan pa bezwen mete yo an karantèn men yo dwe fè yon tès nan katriyèm jou yo te rive retounen nan NY*

*Tout vwayajè ki kouvri anba avètisman an dwe kontinye ranpli fòm sante vwayajè a yon fwa yo rive nan Eta New York*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo enstriksyon ki pèmèt vwayajè ki soti nan lòt Eta yo pou vini New York "teste pou soti" nan karantèn 14 jou ki obligatwa a. Vwayajè ki soti nan Eta yo ki vwazen avèk New York pral kontinye benefisye egzonerasyon pou avètisman vwayaj la; sepandan, vwayajè ki kouvri yo dwe kontinye ranpli [Fòm Sante Vwayajè](#) a. Travayè esansyèl yo pral kontinye benefisye egzonerasyon tou. Nouvo lwa a ap antre an vigè 4 novanm.

"Bato Eta a ap navige byen: New York se twazyèm to pozitivite ki pi ba nan nasyon an epi Nouyòkè yo ta dwe fyè de sa yo ap fè a. Sepandan, vwayaj vini yon pwoblèm - res Eta yo reprezante yon menas. Nou prale nan direksyon yon lòt plan akòz chanjman nan reyalyte yo, epi ekspè yo sijere ke nou tounen nan yon politik fè tès", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Kidonk pa pral genyen okenn lis karantèn; pral genyen yon sèl règleman ki aplike nan tout peyi a. Nou te koube koub viris sa a nan swiv done yo ak lasyans, epi nou ap kontinye apwòch sa a avèk nouvo enstriksyon sa yo".

Pou nenpòt vwayajè ki vini nan Eta New York soti nan yon lòt Eta, sòf Eta ki vwayzen yo, nouvo règleman pou vwayajè yo teste pou soti nan karantèn 14 jou ki obligatwa a anba la a:

- Pou vwayajè yo ki te nan yon lòt Eta pandan plis pase 24 èdtan yo:
  - Vwayajè yo dwe jwenn yon tès nan twa jou yo te soti nan Eta sa a.
  - Vwayajè a dwe yon fwa li rive nan New York, mete li an karantèn pandan twa jou.
  - Nan 4yèm jou karantèn li a, vwayajè a dwe jwenn oswa chèche yon lòt tès pou COVID. Si toude tès yo vini negatif, vwayajè a gendwa soti nan karantèn pi bonè yon fwa li resevwa dezyèm tès dyagnostik negatif la.
- Pou vwayajè yo ki te nan yon lòt Eta pandan mwens pase 24 èdtan yo:
  - Vwayajè a pa bezwen yon tès avan li soti nan lòt Eta a, epi li pa bezwen mete li an karantèn lè li rive nan Eta New York.
  - Sepandan, vwayajè a dwe ranpli fòm enfòmasyon vwayajè a yon fwa li antre nan Eta New York, epi li dwe pran yon tès dyagnostik pou COVID 4 jou apre li te rive nan New York.

Depatman sante lokal yo pral valide tès yo, si sa nesesè, epi si yon tès vini pozitif, yo pral pibliye òdonans pou izòlman yo epi yo ap inisye trasaj kontak yo. Depatman sante lokal la dwe pran kontak avèk Eta vwayajè a te soti ladan an, pou asire ke trasaj kontak yo fèt ladan tou. Tout vwayajè dwe kontinye ranpli fòm enfòmasyon vwayajè a yon fwa yo rive nan Eta New York pou kontribye nan pwogram trasaj kontak solid Eta New York la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)